

BAB I

BUBUKA

I.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina hirup kumbuhna manusa moal leupas tina basa, boh basa lisan boh basa tulisan. Basa lisan dipaké dina kahirupan sapopoé pikeun lumangsungna komunikasi. Basa tulisan dipaké ku manusa pikeun ngaéksprésikeun kahayang dina wangun karya. Karya nu dipimaksud bisa mangrupa karya sastra saperti novel, carpon, sajak, jsb. nu kaasup kana babagian sastra. Dina wangun karya, lain pribadi pangarang wungkul nu bisa nepikeun kahayangna tapi jalma luar salian ti dirina bisa ngaprésiasi éta karya lantaran ari geus ngawujud hiji karya mah masarakat umum bisa mikanyaho naon maksud nu hayang ditepikeun ku pangarang sanajan teu salawasna sarua naon nu dipimaksud ku pangarang jeung naon nu kacangkem ku nu maca.

Aprésiasi mangrupa babagian tina kamampuh sastra nu dipiboga ku masing-masing individu. Dina ngaprésiasi sastra moal salawasna kamampuh bisa disaruakeun lantaran kamampuh ngaprésiasi didadarkeun ku pangaweruh individu ngeunaan sastra saperti seringna maca karya sastra. Jalma nu sering maca karya sastra bakal béda hasil aprésiasina jeung jalma nu jarang maca lantaran pangaweruh dina segi kekecapan atawa ajén nu nyangkaruk dina éta karya béda.

Ngapresiasi hiji karya saperti novel mibutuh kauletan dina macana lantaran novel mangrupa hiji karya nu kacana kandel. Iskandarwasid (1992:93) nétélakeun yén anu dimaksud novel téh nya éta prosa rékaan fiksi anu naratif (ngawujud lalakon),

umumna panjang sarta galur caritana atawa *plot*-na kompleks (ngarancabang). Lamun nilik kana éta wangenan, écés pisan biasana nu ngalantarankeun horéamna maca novel komo deui ngaprésiasi téh lantaran panjangna carita jeung galur caritana nu leuwih ti hiji.

Dina unggal novel pasti pangarang boga maksud nu hayang katepikeun ka nu maca. Salian ti maksud atawa amanat nu hayang katepikeun, dina unggal novel ogé pasti mibanda hiji hal nu teu bisa dipisahkeun tina kahirupan sosial saperti nyangkarukna ajén inajén saperti ajén atikan (moral, sosial, jeung agama), ajén kaagamaan jeung ajén patriotis.

Dilantarankeun kana naon nu geus dipedar ngeunaan ciri novel ditambahan ku populasi novel basa sunda nu masih kénéh kaitung langka sumebar di masarakat, sarta pangaweruh masarakat, hususna siswa ngeunaan pangaweruh novel masih kénéh kurang, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan eusining novel boh tina segi ajén-inajén, boh tina segi kabasaan nu aya patalina pikeun kahirupan masarakat. *Burak Siluman* mangrupa salasahiji novel nu sumebar di masarakat nu bisa dijadikeun bahan pangajaran lantaran éta novel kagolong kana novel heubeul nu sumebar di masarakat .

Pikeun ngabuktikeun aya henteuna ajén atikan dina novel *Burak Siluman* karangan Moh. Ambri, kudu diayakeun panalungtikan dumasar kana analisis unsur pangwangun novel. Ku kituna ieu panalungtikan diayakeun langsung ancrub ka lapangan sangkan bisa katilik luyu henteuna ieu bahan pangajaran pikeun diajarkeun di SMA anu numutkeun SKKD aya di kelas XI ngeunaan aprésiasi sastra. Aya

sababaraha panalungtikan saméméhna nu sarupa ngeunaan ajén atikan dina novel, diantaranya *Analisis Palaku Utama dina Novel Silalatu Gunung Salak karangan Aam Merdeka Permana Disawang tina Ajén Atikan*, (Dedeh Kurniasih, 2002); *Ajén Atikan dina Novel Srangéngé Surup Mantén pikeun Pangajaran Apresiasi Sastra di SMP*, (Ninik Dewi Pramanik, 2004). Lantaran dina pangajaran sastra kiwari, pangajaran sastra anu museur kana méré pangalaman sarta méré ajén inajén anu nyangkaruk kana karya sastra téh kacida kurangna. Ku kituna ieu panalungtikan nyokot judul **“Ajén Atikan dina Novel *Burak Siluman* pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra Sunda di SMA Negeri 1 Singaparna”**

I.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

I.2.1 Watesan Masalah

Masalah nu nyampak dina novel *Burak Siluman* diantaranya masalah ngeunaan ajén atikan jeung masalah tina segi kabasaan. Sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanana, ku kituna ieu panalungtikan diwatesanan ngeunaan ajén atikan nu nyangkaruk dina novel *Burak Siluman* karangan Moh. Ambri disawang tina ajén atikan moral, ajén atikan sosial, jeung ajén atikan agama pikeun bahan pangajaran apresiasi sastra di SMA.

I.2.2 Rumusan Masalah

Sangkan ieu panalungtikan bisa ngabalukarkeun jeung ngajéntrékeun masalah sarta nyoko kana objék nu ditalungtik, ieu masalah diwangun ku sababaraha patalékan:

1. Kumaha struktur carita novel *Burak Siluman* karangan Moh. Ambri?
2. Ajén atikan naon waé nu nyampak dina novel *Burak Siluman* karangan Moh. Ambri?
3. Naha ajén atikan dina novel *Burak Siluman* karangan Moh. Ambri luyu mun dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA Negeri I Singaparna?

I.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

I.3.1 Tujuan Panalungtikan

Tujuan nu hayang kahontal dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskrripsikeun:

1. Struktur carita novel *Burak Siluman* karangan Moh. Ambri.
2. Ajén atikan nu nyampak dina novel *Burak Siluman* karangan Moh. Ambri.
3. Luyu henteuna novel *Burak Siluman* karangan Moh. Ambri dijadikeun bahan pangajaran apresiasi sastra di SMA Negeri I Singaparna.

I.3.2 Mangpaat Panalungtikan

Unggal panalungtikan dina enas-enasna mah miboga mangpaat. Kitu deui dina ieu panalungtikan nu baris dilakonan, nu ngawengku:

1. Mangpaat pikeun Sakola
 - a. hasil uji coba bisa dijadikeun alat ukur kumaha kamampuh aprésiasi sastra siswa.
 - b. ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun atawa bisa dimangpaatkeun pikeun bahan pangajaran apresiasi sastra sunda.

2. Mangpaat pikeun Pribadi

Mangpaat pikeun pribadi nya éta nambahan pangaweruh hususna ngeunaan sastra nu aya patula-patalina jeung ajén atikan nu ngawengku moral, sosial, jeung agama.

I.4 Wangenan Operasional

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha kecap nu dianggap penting jeung inti masalahna, diantaranya:

a. Ajén Atikan

Sacara étimologis, ajén atikan asalna tina dua kecap, nya éta ajén jeung atikan.

Ajén nya éta pangaji, harga (LBSS, 2007:18). Ajén didieu lain hartina harga nu bisa diukur ku angka tapi nu raket patalina jeung norma kahirupan. Atikan nya éta pangajaran kana jalan kahadéan.(KUBS, 2006:39)

Jadi nu dimaksud ajén atikan nya éta nilai nu aya pakaitna jeung pangajaran kana jalan kahadéan nu raket patalina jeung norma kahirupan.

b. Novel *Burak Siluman*

Novel nya éta prosa rékaan (fiksi) anu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritaanana atawa *plot*-na kompleks (iskandarwasid, 1992:91). *Burak Siluman* mangrupa salasahiji novel karangan Moh. Ambri.

Jadi nu dimaksud novel *Burak Siluman* nya éta novel (prosa rékaan) karangan Moh. Ambri nu medal dina taun 1932.

c. Bahan Pangajaran Apresiasi

Bahan pangajaran nya éta materi pembelajaran atawa alat tina sistem pangajaran pikeun ditepikeun ku guru ka siswa dina proses kegiatan belajar mengajar (KBM) anu luyu jeung kurikulum. Sedengkeun apresiasi nya éta kasadaran kana ajén-ajén nu nyangkaruk dina warnaning seni jeung budaya; tumuwuh tina rasa meunang kasugemaan (éstétis) jeung ngarasa meunang mangpaat (émosional jeung inteléktual)

Jadi nu dimaksud Bahan Pangajaran Apresiasi nya éta materi pembelajaran nu ditepikeun ku guru ka siswa ngeunaan kasadaran kana ajén-ajén nu nyangkaruk dina warnaning seni jeung budaya.

I.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar bisa disebut “asumsi” nu hartina pamikiran saheulaan ngeunaan naon nu rék ditalungtik tapi bisa ditarima bebeneranana ku balaréa. Ku kituna, anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta :

1. Novel mangrupa salasihiji wangun sastra nu sumebar dimasyarakat sarta ngandung ajén-inajén nu luyu jeung kahirupan.
2. Novel nya éta salasihiji bahan pangajaran apresiasi sastra di SMA.

1.6 Lokasi, Populasi jeung Sampel Panalungtikan

1.6.1 Lokasi

Nu jadi lokasi dina ieu panalungtikan nya éta SMA Negeri 1 Singaparna salaku sakola pikeun nguji cobakeun luyu henteun ieu bahan panagajaran. SMA 1 Singaparna nya éta salasihiji sakola di kabupaten Tasikmalaya nu pernahna di jalan Perikanan Darat no 29, Cipakat-Singaparna Kabupaten Tasikmalaya.

1.6.2 Populasi

Nu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta novel *Burak Siluman* karangan Moh. Ambri nu medal dina taun 1932.

1.6.3 Sampel

Ieu panalungtikan ngagunakeun sampel total. Nu hartina sakabéh data nu aya dina novel *Burak Siluman* karangan Moh. Ambri mangrupa sampel. Nu leuwih khususna nya éta data nu kaasup kana ajén atikan.